



Chè Paran,

Distri Lekòl Seaford ap bay opsyo sa kote timoun yo ka aprann lakay yo pou kont yo, e pou ede kenbe pitit ou angaje nan pwosesis edikasyon an pandan lekòl la fèmen.

Kòm yon elèv lekòl elemantè Seaford, pitit ou a gen aksè dirèk nan Dreambox, Freckle, Quaver klavye mizik, ak pwogram kodaj kòm opsyon aprantisaj sou entènèt. Ou ka jwenn aksè nan tout resous sa yo nan nan program ki rele ya Clever ya depi ou gen yon òdinatè/laptop ak entènèt la kay ou. Pitit ou a kapab jwenn aksè nan tout resous sa yo ki nan ka ke lekòl la pandan lekòl la fèmen- an. Si ou chwazi pou ou itilize resous sou sa, nan envelop la nou voye infomasyon koman piti ou ka ouvri sesyon yo nan entènèt

Pou fanmi ki pa gen aksè nan entènèt oswa òdinatè, laptop, iPad (Oswa sa yo ki bezoin pran repo san yo pa itilize òdinatè), genyen tou yon meni ki gen aktivite offline. Nou apresye- w tan ou pral pran pou gade nan tout opòtinite aprantisaj sa yo ak pitit ou a pandan wap ede pou viris sa rele COVID-19 sispann gaye nan Eta Delaware.

Opòtinite aprantisaj sa yo pa obligatwa. Se si ou vle, se yon fason pou ka kenbe pitit ou a rete angaje epi aprann pandan lekòl la fèmen-an. Kòm yon paran sèvi ak diskresyon pou detèmine konbyen tan pitit ou a ka pase nan yon aktivite avan li pran repo oswa pou fè nan yon aktivite diferan. Moman nap viv bay anpil estrès, nou ankouraje w pran swen sante fizik ou ak mantal ou, Ou ka chwazi aktivite pitit ou vle fè ya lè sa posib.

Rete an sante!

Salitasyon,

Dr. Corey Miklus
Sipèentandan an
Distri Lekòl Seaford